

Santi w pi byen

Moun kle pou gerizon w la se OU MENM. Ou menm avèk founisè w la dwe fè yon plan tretman baze sou bi ou genyen pou sante w yo.

Ede founisè w la lè w:

- Pale sou santiman w ak pwogrè w yo. Di yo leplis ou kapab.
- Ekri kòman yon medikaman kapab fè w santi w.

Sa pral ede nou toude pou fè meyè chwa sou tretman w.

Si ou janm pa satisfè avèk plan tretman w oswa founisè w la, oswa ou santi ou pa wè rezilta, rele nou. Nou kapab ede w jwenn yon nouvo founisè pou travay avèk ou si li nesesè.

Resous Edikasyon sou Adiksyon ak Fètekòz

National Institute on Drug Abuse from National Institutes of Health (Enstiti Nasyonal sou Abi Dwòg nan Enstiti Nasyonal pou Sante)

www.nysed.gov

Imèl information@nida.nih.gov

301-443-1124

301-443-8771

U.S. Department of Health and Human Services (DHHS), Substance Abuse and Mental Health Services Administration (SAMHSA), (Depatman Sante ak Sèvis Imèn Ameriken (DHHS), Administrasyon Sèvis Abi Dwòg ak Sante Mantal (SAMHSA),)

www.mentalhealth.samhsa.gov

Abi Dwòg

www.alcoholics-anonymous.org

Kowòdinatè swen Cenpatico w la se:

Telefòn:



Cenp-KS-WI-GA-SubAbuseBR-10-08

Kisa Abi

Dwòg ak

Adiksyon

Ye



**TOUJOU SWIV DIREKSYON KI
SOU TOUT MEDIKAMAN YO EPI
PA JANM MELANJE OKENN
MEDIKAMAN AVÈK ALKÒL**



Kisa Abi Dwòg ak Adiksyon Ye?

Abi dwòg se lè ou fè dwòg menm si lè ou fè sa yo koze pwoblèm nan lavi w. Adiksyon se depandans fizik oswa mantal sou dwòg oswa alkòl. Sa kapab vle di si ou estope itilize dwòg oswa alkòl ou ka tonbe malad. Sa kapab vle di ou pa kapab sispann panse sou sa.

PLIS PASE 22 MILYON MOUN ABIZE DWÒG AK ALKÒL*

*(Administrasyon Sèvis Abi Dwòg ak Sante Mantal , 2003)

Abi Dwòg pa bon pou sante w

Abi Dwòg afekte ou men ak lòt moun ki tou prè w. Pwoblèm abi dwòg ka lakòz pou vin genyen move sante, vyolans, arestasyon, andomajman pou lòt moun oswa men koze swisid.

Etid yo montre moun ki soufri ak adoksyon dwòg kapab soufri ak lòt pwoblèm mantal tankou depresyon.

Yon moun ki genyen pwoblèm abi dwòg pa yon move moun. Yo kapab bezwen èd nan men yon ekspè. San èd pwoblèm yo kapab vin pi mal.

Siy yo ki kapab reprezante pwoblèm:

- Bwè pandan sitiyasyon ki danjere (kondui, opere yon machinri, naje, monte bato)
- Kontinye itilize alkòl oswa dwòg malgre ou vin genyen pwoblèm pèsònèl oswa sosyal
- Ou neglije obligasyon w nan travay, lakay ou, ak nan lekòl paske w ap bwè oswa itilize dwòg
- Ou genyen pwoblèm legal paske w ap bwè oswa itilize dwòg tankou: vyolans domestik, agresyon, oswa kondui pandan ou sou (DUI)

Jwenn Èd.

Ale wè doktè w ;a oswa rele nou. Nou kapab ede ou:

Kisa Cenpatico ye?

Cenpatico se yon konpayi swen sante konpòtmantal. Nou ede moun pou yo jwenn èd ki genyen pwoblèm abi dwòg oswa adiksyon. Nou kapab ede jwenn sa ou bezwen pou w kapab fè chwa entelijan pou sante w ak byennèt ou.



Men kèk fason nou ede:

- Jwenn founisè ki tou pre w yo
- Fè rekòmandasyon
- Ede w pou pran randevou w yo
- Ede w pou jwenn transpòtasyon

Ki moun ki founi sèvis abi dwòg?

Doktè w la – Yo kapab trete w oswa ba w rekòmandasyon pou ale wè yon ekspè.

Enfimyè Praktisyonè – Ka se ekspè nan sante mantal epi yo kapab preskri medikaman nan preske tout eta yo

Terapis – Ki resevwa fòmasyon nan terapi ak pwoblèm sante mantal. Yo pa kapab preskri medikaman. Genyen pami terapis yo ki se Konseyè Terapis Lisansye (LPC)(Licensed Professional Counselors), Travayè Sosyal Klinik (LCSW), (Licensed Clinical Social Workers) ak Terapis Lisansye pou Maryaj ak Fanmi (LMFT) (Licensed Marriage and Family Therapist)

Gwoup Sipò – Moun ki soufri avèk menm maladi ou genyen an ki sipòte w nan pwosesis gerizon w la tankou Alkòwolik Anonim (Alcoholics Anonymous)

Premye Randevou w la: Kisa pou ekspekte

Founisè w la pral vle pou l konnen tout bagay sou ou. Yo pral vle konnen sou ki pwoblèm ou ta renmen travay

Yo kapab mande w enfòmasyon sou fanmi w. Yo vle pou ede w jwenn fòs ak ladrès pou ede w geri.

Founisè yo oblije pou respekte regilasyon ki estrik anpil konsènan done prive w yo. Tout sa ou di founisè w la ede yo pou kreye yon pal tretman ki bon pou ou.

Wòl ou nan tretman an

Se ou menm avèk founisè w la ki fè plan tretman w la epi li kapab enkli:

- Terapi gwoup ak pèsònèl
- Terapi pou fanmi
- Gwoup sipò kanmarad.
- Pwogram rezidansyèl oswa jounalye
- Nan kèk ka, medikaman.

Pafwa sèvis pi pwofon kapab nesesè pou kapab reyalize bi byennèt ou yo.

Fè premye etap la.

- Pale avèk zanmi w yo, fanmi, ak kanmarad ou yo.
- Pa pè pou mande pou èd
- Evite moun oswa kote ki fè ou gen anvi pou itilize dwòg oswa alkòl

